

BAB III

TRANSKRIPSI DAN TERJEMAHAN

3.1 Pengantar

Transkripsi adalah pengubahan wicara menjadi bentuk tertulis, biasanya dengan menggambarkan tiap bunyi atau fonem dengan satu lambang (Kridalaksana, 1982:170).

Transkripsi cerita lisan *Sendangdhuwur* mengikuti prinsip pemindahan secara setia, artinya semua ucapan penutur dipindahkan ke bentuk tulisan sehingga keadaan teks tidak jauh beda dengan rekaman. Untuk memudahkan pembaca memahami teks cerita lisan *Sendangdhuwur*, pada transkripsi ditambahkan unsur-unsur bahasa tulis seperti tanda baca dan huruf besar.

Konsekuensi prinsip pemindahan secara setia adalah kata-kata salah yang ucap, salah menggunakan mengandung kata, dan lain-lain; ikut dipindahkan ke dalam bentuk tulisan. Dalam upaya agar pembaca dapat memahami teks cerita lisan *Sendangdhuwur*, kata-kata tersebut harus dicatat dan diberi penjelasan seperlunya pada catatan transkripsi.

3.1.1 Ejaan

Ejaan ialah penggambaran bunyi bahasa dengan kaidah tulis menulis yang distandardisasikan (Kridalaksana, 1982:38). Adapun sistem ejaan yang dipergunakan di dalam transkripsi cerita lisan *Sendangdhuwur* ialah

“Pedoman Ejaan Bahasa Jawa Yang Disempurnakan” yang diterbitkan oleh Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa (1977). Apabila di dalam pedoman ini ada hal-hal yang belum diatur atau kurang jelas, misalnya masalah penulisan kata majemuk, peneliti mengacu pada “Pedoman Ejaan Bahasa Indonesia Yang Disempurnakan”. Ejaan kata-kata bahasa Arab dalam penelitian ini juga mengacu pada EYD, misalnya penulisan kata sholat, tasbih, dan sebagainya. Sedangkan kata-kata Bahasa Arab yang tidak ada dalam EYD, ditulis sesuai dengan lafal penutur misalnya; fardhu, sunnah, dan lain-lain sesuai dengan logat Jawa dan Indonesia.

3.1.2 Penerjemahan

Penerjemahan adalah pengalihan amanat antarbudaya dan atau antarbahasa dalam tuturan gramatikal dan leksikal dengan maksud efek atau ujud yang sedapat mungkin tetap dipertahankan (Kridalaksana, 1982:128). Maliono (1977:1) mengatakan bahwa kita tidak mungkin membuat terjemahan kata demi kata diantara bahasa yang berbeda strukturnya, jika hasilnya dipahami dengan tepat. Berdasarkan hal itu, penerjemahan cerita lisan *Sendangdhuwur* mengikuti prinsip “penerjemahan secara bebas”, artinya teks cerita lisan *Sendangdhuwur* diterjemahkan secara bebas, tidak terikat oleh struktur bahasa yang digunakan oleh penutur, dengan catatan tidak menyimpang dari konteks budaya masyarakat pendukungnya. Di samping itu, prinsip lain yang dianut dalam penerjemahan ini adalah prinsip Nida dan Taber (Nida dan Taber dalam Hutomo, 1993:20), yaitu

•

pemindahan amanat (*mesvege*) dengan memperhitungkan situasi dan kondisi bahasa penerima. Prinsip pemindahan amanat tersebut dipergunakan untuk menerjemahkan kutipan-kutipan yang berasal dari bahasa asing. Khusus mengenai konsep-konsep yang dianggap penting, kutipan tidak diterjemahkan, sebab untuk menjaga keaslian dan keutuhan amanat, serta salah tafsir.

Teks cerita lisan *Sendangdhuwur* ditranskripsikan berasal dari rekaman tanggal 21 Maret 1998 di desa Sendangdhuwur, kecamatan Paciran, kabupaten Lamongan.

Genre : cerita prosa rakyat
 Daerah asal : Desa Sendangdhuwur,
 Kecamatan Paciran,
 Kabupaten Lamongan,
 Jawa Timur.
 Suku bangsa : Jawa

Nama : H.A. Chusairi
 Umur : 38 tahun
 Jenis kelamin : laki-laki
 Pekerjaan : perangkat desa
 Kebangsaan : Indonesia
 Suku bangsa : Jawa
 Tempat lahir : Desa Sendangdhuwur,
 Kecamatan Paciran,
 Kabupaten Lamongan.
 Bahasa yang
 dikuasai : Jawa dan Indonesia
 Tempat diperoleh
 informasi : di rumah bapak
 H. A. Chusairi

Nama : Laily Masrifah
 Suku bangsa : Jawa
 Umur : 24 tahun
 Jenis kelamin : Perempuan
 Alamat sementara : Jl. Pacarkembang
 II/32 Surabaya
 Alamat tetap : Jl. Jendral Sudirman
 12 Lamongan

3.2 Transkripsi Teks Cerita lisan *Sendangdhuwur*.

I

BABAK PERTAMA

Raden Khosim Sunan Drajet nika kancane kalian Raden Noer niku.
 Raden Noer Raden niku asale niku saking Sedayu, dadi asale bapake saking
 Bagdad lewat saking Sedayu dateng nggene Sendang niku. Raden Khosim
 niku nyuwun rewang cara perjuangan ten daerah Paciran niku kalian Raden
 5 Noer Sunan Sendang. Raden Noer Sunan Sendang termasuk nyantri kalian
 Raden Rochmat Surabaya santrine sing tuwo, Raden Khosim anake Raden
 Rochmat dadi pernah tuwo.

Ajenge gugah agama golek banyu ten daerah Paciran Raden Noer kale
 Raden Khosim leren tirakat patangpoloh siji dinten, neng Raden Noer Sunan
 10 Sendang leh iku mboten poso ngoten melek lek sing Raden Khosim poso
 Raden Khosim nyeneni.

“Noer, kowe nggak poso kok mangan ae.”

Lek mangan iku mboten mangan saktepa'e mboten tapi mangane niku
 ngangge beras sak cingkir ditambah kerikil secingkir digodok dipilih leh
 15 mangan karo moco mangane wau.

“Subhanallah Walhamdu Lillahi Waala Illaha Illahu Walahu Akbar.”

Saktunggal sak upoh, dadi kersane deweke iku ora turu ngoten piyambake
 ngoten ora sampek warek mangane, soale campuran leren milihi pegel

deweke terus ben dinten niku terus ngoten lha sumerep sing Raden Khosim

20 Sunan Drajat.

“Lho Noer, kowe diajak tirakat kok mangan wae.”

Langsung sing kangge ngliwet iku kan kendil cara biyen kendile niku dibungkus gedhang dijupuk kendile dibanting kale Raden Khosim Sunan Drajat, Raden Noer yo nangis.

25 “Kok dingotenaken kok Kak Sim.”

Raden Khosim marga kakak pernah putrane wali putrane Raden Rochmat wau lha manggil sing tuwo ngoten. Dijupuki pecahane kendile wau dijupuki ditemaaken male kangge male lha ngliwet male wau ditinggal be' Raden Khosim Sunan Drajat be' mengsem ngguyu mawon.

30 “Kok dikono' no ngono.”

De'e didelok male pun patangpoloh dina kurang sedina lho niki si' ngliwet ngono male.

“Wis Noer, kowe dikandani nggak oleh ngliwet kok se' tetep ngliwet wae, wis kene kendilmu.”

35 Kendil iku langsung diangkat dikurepaken, dikurepaken disabda dadi gunung Kendil. Dadi watu ten mriko ten lore Sendang mriku wonten gunung Kendil, gunung sing kados kendil adoh teka griyane penduduk. Raden Noer Sunan Sendang niku, biasane pramuka ningali ten mriko ten lere Sendang gunung Kendil asline.

- 40 **Barang pun wancine buka, cara tirakate Raden Noer Sunan Sendang.**
Lha wis patangpoloh dina, lesu wis lesu jaluk mangan karepe Raden Noer Sunan Sendang.
- “Kak Sim aku wis lesu, trus piye mangan apa wis nggak ana kendil sing kanggo ngliwet, kendile wis sampeyan sabda dadi watu.”
- 45 “Lho iku lak panganan wohe siwalan.”
Jare Raden Noer Sunan Sendang pura-pura.
- “Aku nggak iso anu meneke Kak Sim, kados pundi kula mboten saget menek.”
- “Lha iku nggak usah dipenek.”
- 50 **Ditutuk kale tekenc ping telu kale Raden Khosim Sunan Drajat, dirok gemrodok cicir kabeh gemrodok kabeh.**
- “Tapi Sunan Sendang Raden Noer niku ra gelem njipi’i nangis malahan nangis.
- “Kados pundi toh Kak Sim, kok ngoten yo.”
- 55 “Kocn jare lesu tak pekno nggak gelem jipik malah ra oleh.”
“Kula niku mboten perkara lesune, kula niku mikimo umat, nek apan dingotenaken umat niku dos pundi soro binjeng.”
- “Lha piye karepmu.”
- “Ngeten carane, ditutuk ngangge tekene Raden Noer Sunan Sendang
- 60 **ping telu ngoten langsung dikelengkungaken de’c terus dipunduti sing sedengan-sedengan mawon perlu didahar wong loro.”**
Niku wau jarc Raden Khosim Sunan Drajat.

“Eh, koyo ngono ta Noer.”

“Nggih ngoten Kak Sim, sampeyan pundut sing perlu mawon. Sing

- 65 cilik cek gedhe, sing sedengan digawe daharan wong loro, sing gedhe nek tuwo kanggo ninggali anak putu wong daerah Paciran kene. Nek apan sampeyan rok kabeh, gedhe cilik ngoten terus ngeruntel nggak duwe bibit maneh binjeng nggak ana bibite.”

“Eh, koyo ngono karepmu Noer.”

- 70 Iku Raden Noer Sunan Sendang kesaktiane ngoten, kesaktiane menang Raden Noer Sunan Sendang timbang be' Raden Khosim Sunan Drajat. Nek Raden Khosim dirok ngoten gemrodok cicir kabeh tapi Raden Noer dikelungaken. Bareng wis mari daharan wong loro Sunan Sendang diajak mlampah golek banyu. Cara biyen niku kanggo ibadahe wong niku
 75 kebutuhane wong niku, kanggo ngombe, kanggo wudhu, kanggo kebutuhane wong akeh iku banyu golek-golek, dipadhosi ten duwur gunung mboten wonten morak-marek ten Sendang. Bareng pun dalu kira-kira ashar kepanggih sumur kilene dusun ngoten. Orak-orek nganggo tekene ngudal mumbul dadi mili beranak, sumbere meranak-meranak pirang-qirang mili
 80 ngoten langsung ten Sendang didamelaken jublangan cara biyen ten ngisore gunung ngriku ngoten.

Nah jublangan niku pun bek wong sekitar mriku seneng kabeh, pada muji-muji pada kanggo ngopeni rajakaya, kanggo ngopeni wedus, sapi, kanggo ngombe dewe. Pada nggawa wadah, ngoyo, kabeh digawa melu.

85 Saking senenge kanggo adus barang ten lebete mriku sak katok-katoke sak klambine dinggoh kabeh. Raden Noer Sunan Sendang iku nggawokno.

“Lha ya wong ditemokno banyu senenge gak karu-karuan, moso’ adus kok ra diciduki tapi dijeguri.”

Jare Raden Noer Sunan Sendang. Besoke ngene karo Raden Khosim.

90 “Ki ngene kanggo eleng-eleng kanggo pangeleng mbesok rezane zaman jenengno Sendang. Sendang Pagesan dijenengi Sendang Pangesan.” Ngantos sakniki ten daerah Sendang.



II

BABAK KEDUA

De'c wangsal kesel wisan munggah ten duwur gunung mriko ngalor
 ngetan mriko gunung Tengger Ngimbang. Barang pun ten mriko kan kesel
 95 toh pun mari kerja wong loro niku, piyambake luweh dos pundi kepengen
 mangan mboten wonten daharan.

Raden Khosim mundutaken uwi uwi dawa niku, ngeten kateh dimasak
 kale Raden Khosim Sunan Drajat. Nek Raden Noer mboten, kateh ditugel
 sing secuwel digawa mulih sing secuwel didahar ten mriki. Lha kateh
 100 dimasak niku dimasak ngangge napa kan kendile dadi gunung pun dadi
 watu. Jare Raden Noer Sunan Sendang.

“Mriki.”

Digawa Raden Noer Sunan Sendang.

“Pun Kak Sim, mriki.”

105 Digawa Raden Noer Sunan Sendang dilebet mawon sing separoh, sing
 separoh dibalekaken ten pilahe iku wau (uwi wau) dido'ai napa ngoten
 dijebol male niku pun mateng separoh kebul-kebul ngoten.

Jare Raden Noer Sunan Sendang Raden Khosim gawokno ngguyu.

“Iso ac kowe Noer, Noer.”

110 Dadi ora usah dimasak niku kesaktiane ngoten. Kan putike niku sanga,
 jarene teng mriku wonten sumur Leng Sanga, mergi putike uwi niku sanga
 dadi bekase niku dadi sumur kengeng damel minum niku tiyang Sendang.

Dadi wong Sendang niku iso minum sakeng putike niku wau. Saking jerune sumur niku mboten saget digete^k ngeten, biyen niku ngangge gilingan

115 nggunake ngeten diponcal-pancal diarani wong daerah kene sumur Giling.

Dereng wonten sanyo cara biyen mergi ngapeke niku digiling. Dadi diponcal-pancal ngapeke digiling kan diarani sumur Giling. Soale cara mundut digiling ngantos sakmangke tasek ten nggene Sendang. Menawa dolan ten tengah-tengahe masjid sumur tasek, bekase uwi niku ngoten ten

120 Sendang.

Nah akhire piyambake Raden Noer Sunan Sendang niku ngantar, pun mantun daharan wong loro niku wau diantar wangsu^l ten nggene Drajat. Sunan Sendang ngantar Raden Khosim niku, tapi Raden Khosim Sunan Drajat sanjang.

125 "Noer, wis jo balek dhisik, tirakat kene ten pinggir sumur Bioto."

Iku cara biyen topo broto ten mriki diarani sumur Bioto. Ten pinggir mriki wonten sumur male jenenge sumur Jembut, biyen niku cara mergi Raden Noer Sunan Sendang lewat mriku nglangkahi sumur. Jare wong kono biyen niku dijembut. Jare Raden Khosim Sunan Drajat.

130 "Noer, aja dijembut ngono kuwi, iku kanggo ngombe wong daerah kene. Sumur kok kon jembut."

Ngantos sakmangke diarani sumur Jembut ten mriki wonten sakdurungi Kranji. Nek apan ten sumur Bioto mriku tirakate, lha ten nggene sembahyangan sak kidule Kranji mriku wonten sembahyangan ngantos

135 sakmangke. Tanah sing mboten saget digarap niku ngantos sakmangke niku

sembahyangan ten mriku. Mantun topo broto patangpoloh dina patangpoloh bengi ten mriku. Kok mengahi ten kiwo tengene daerah mriku kok kuathah woh-wohan, kuathah buah jambu, buah pisang, kuathah ten mriku. Samprek Raden Noer Sunan Sendang niku.

140 "Iki tepe'e daerah diarani Brahba. Brah niku tampak woh-wohan."

Jare Raden Khosim Sunan Drajat.

"Iki mbesok titeni Noer iki mbesok nek rezane zaman kenc iki akch, brah iku akch, ba iku wong. Wong akch tekan kenc, mesti rame nang kenc. Duka nggak ngerti kok wis mulai akch mungkin dadi rame ten mriku 145 patilasan-patilasan. Mungkin benjeng ten daerah ten nggene Drajat ten Sendang ten sembahyangan duka karek ngenteni napa menangi napa mboten.

III

BABAK KETIGA

Wangsul ten mriku Raden Noer Sunan Sendang niku dugi Sendang, mulai berjuang ten mriku ten pinggir sumur sing didamel ten mriku. Dados
 150 ngulangi bocah-bocah cilik ben dinten ngulangi ngaji ten mriku. Sing Raden Khosim Sunan Drajat nggih ten Drajat, nggih damel pondokan ten mriku ngulangi ngaji ten mriku.

Raden Noer Sunan Sendang niku murite kathah cekap lengkap kathah ten daerah pegunungan sing kathah ngaji ten kampung. Bareng wis mboten
 155 kamot ten Sendang, Raden Noer kepingi nggawe gedekno langgare. Musyawarah kalian Raden Khosim ten Drajat mlayu mriku.

“Keknapa Kak Sim niki wis panggonan kula niki pun mboten kamot.”

“Lha koen duwe dhuik toh. Nah wong sing duwe masjid loro didol. Nek koen duwe dhuik yo ayo rono nang nggongku taksodono. Biyen aku tau
 160 ngedekno masjid Demak Bintoro iku ana wong duwe masjid loro didol wong Jawa Tengh nggene Mbok Rondo Mantingan Jawa Tengah. Mbok Rondo Mantingan iku ngelengkapi wali sanga.”

Niku lho kan wali sanga damel masjid kangge musyawarah ten Demak iku mck sanga cagak iku kan mlingsi kurang siji diganepi Mbok
 165 Rondo Mantingan iku, mulane musyawarah para wali urunan cagak setuk edang. Mbok Rondo Mantingan iku nangis, nagis ora duwe dhuik gawe tuku kayu. Lha Sunan Kalijaga takon.

“Lha napa Mbah kok nangis sampcyan.”

“Yo nak mung dijaluki kayu siji nggih urunan masjid kae kok ora iso

170 glani aku iki kebaruse awakku.”

Sunan Kalijaga.

“Mbah-mbah ngono wae kok bingung, iku para wali saiki do pacak-pacak kayu. Sampyan nyuwun tatale ke sampeyan kumpulno, sampeyan cakno pada cagak para wali.”

175 Nurul Mbok Rondo Mantingan, dados ngemboli tatale para wali pacak-pacak iku ditata. Dados cagak kados wali niku. Pancene wong sakti Mbok Rondo Mantingan niku cagak niku iso kantil kados gadane wali niku wau nggih ten Demak Bintoro. Niku sing jenenge cagak sanga niku sing kayu, setunggal gadane Mbok Rondo Mantingan tatal. Nek ana wong daerah

180 mriko kepercayaane mantep, biasane biyen niku motek tatale niku kangege sakit napa mawon, biasane ngoten. Mulane saiki pun mboten pareng ngoten niku, ditapel ngoten mboten sageet ditapel sedaya. Pun wonten jenenge niki nggenc Sunan Kalijaga, niku nalikane musyawarah ten mriko. Ngertine nek apan Raden Khosim iku ana wong duwe masjid loro.

185 Raden Noer Sunan Sendang nggak duwe dhuik nek zaman saiki lho nang Malaysia, ora nang Malaysia njaluk bantuan toh. De'e wangsul.

“Lha ngoten kula lhak mados yotro.”

IV

BABAK KEEMPAT

Mule Raden Noer Sunan Sendang, santrine dikerahno nggarap niku wonten tanah digarap dikoak-koaki ngoten piyambake ngandani para santri.

- 195 “Le, saiki pada anu sing santriku sing teka kidul-kidulan daerah Plapah pinggir bengawan kidulan Karang Ungu, Karanggeneng, Karang Cangkring. Niku nggada wite tebu dikonkon mule mek wite tebu kabeh nggih tandur.”

- Niku nandur wite tebu, bareng pun ditandur wite tebu ten mriku cepet pun 200 dikocok tebu niku dikecel dipenek-penek niku jebul ten mriku angsal sajuta. Cara sakniki sajuta niku cara biyen iku ngarani sayuta, kangge tuku masjid niku.

“Lha wis oleh sayuta.”

- Kula pilahe nek tandur ten pundi niku ten Sendang niku wonten Sendang 205 Suto, mergi ditanduri tebu oleh sayuta niku wau nek diarani Sunan Sendang. Mula diarani sendang Suto. Subur tanahe dadak niku ditanduri bocah-bocah sekolah pendidikan nggih subur. Ten Kyai Jubber ten masjid sing ngisor sak pengulon niku Sendang Suto aranc ngantos pendidikan Al Muttaqimah ten Kyai Jubber.

- 210 Nah wis oleh sayuto piyambake niku tenang toh oleh dhuik sayuto.

“Mungkin iki wis oleh digawa tuku masjid iku wis cukup.”

Angkate dibeto ten Raden Khosim Sunan Drajat dikandakno nek apan oleh dhuik sayuto, angkate digawa ten Jawa Tengah deweke sek mamang.

- 210 "Apa bener dhuikku sayuto, engko' nek nggak tak ngiplah wah lha kliru mesti goroh be' Raden Khosim Sunan Drajat."

Ngitung maleh mlangkah dalan ngoten ngitung maleh leh ngitung dhuik niku wau ngecek dhuik bener gak'e sayuto, lha ngitung-ngitung dhuik cara biyen kan beji, beji dhuik ngitung niku. Lha nggone ngitung dhuik niku

- 215 diarani Sendang Beji, sak lorc dalan mriko olche nek mamang dicocokno manch niku diarani Sendang Beji ngantos tak dawa wonten SMP Muhammadiyah ten lere Sendang niku. SMP Muhammadiyah enten dalan niku termasuk Sendang Beji. Ten masjid ngisor mamang niku dibeji male dhuike ten mriku diarani Sendang Beji ngantos ngaler mriko. Dibeto yakin

- 220 nek apan dhuike sayuto.

V

BABAK KELIMA

Takok nok nggone Raden Khosim.

“Kados pundi Kak Sim, kula pun angsal yatra.”

“Leh duwe dhuik pira?”

“Pun angsal sayuto pun cekap toh.”

225 “Wis oleh, wis oleh nggih tuku, sayuto wis dang rono budal. Saiki
nggak iso melu aku nggak iso ngeterno polahe dina iki ngedekno masjid,
masjid Demak dadi nggak iso ngeterno mrono.”

“Kula niku mboten sumerep ten nggene Mbok Rondo Mantingan.”

“Wis ta ngulono kok takon-takon, wis ta ngulon terus nggene Mbok
230 Rondo Mantingan.”

VI

BABAK KEENAM

Bareng ten mriko mboten disade masjid niku nggak didol. Dhuike nganggur gelo.

“Lha napa Mbok Rondo kok mboten disade?”

“Nggak tak dol. Aku wis mari kok bangun masjidku sing sijine wis
 235 mari, biyen tak dol tak nggo biayane iku lho. Saiki masjid iku nggak tak dol.”

“Kala dos pundi toh, kok mboten disade. Kula niki nggih keknapa dhuik kula nganggur jare.”

“Aku nggak butuh dhuik wis masjid iku nggak tak dol cuma'e tak
 240 wakafno.”

“Nggih matur nuwun tambah kula nggih nerima wakaf sampeyan.”

“Ora ngger gampang nerima-nerima wakaf iku. Ora ngger tak kckno wong, iku ana syarate.”

“Syarate napa Mbok Rondo.”

245 Jare Mbok Rondo niku syarate tak kawin, wah Mbok Rondo. Raden Noer Sunan Sendang kan rodok ngguyoni, dos pundi ngeten dikandani syarate.

“Sapa wae sing iso mboyong masjid iki nggak.”

Ana sing ngarani silkah scbagian cerita, sapa wae sing iso mboyong masjid iki tapi ngiseni jedeng nganggo calone kreneng. Kreneng niku lak
 250 rojong bolong-bolong. Kranjang motoke iron bolong-bolong. Jong cara

wong iwakan jong niku kreneng arane cara mriko. Lah mestine ngono kan seng kok kreneng, padahal jedinge fnasjide Mbok Rondo Mantingan gedhe lha iku iso toh nggak nek iso nganggo kreneng iku yo boyongan masjidku.

Lha wong Raden Noer Sunan Sendang nggih saget mawon, pun
255 ampun kreneng iso buntu koyo dene, sing lha cepet dilakuna mawon. Iku sebagian cerita, tapi sing umum niku nggih Raden Noer dikonkon boyong tanpa bubrah nggih ngoten niku, ora usah dijikii gentenge, gedeke langsung digawa nggene ngonoae lha ben lhak cilik masjid lak agenge masjid Agung.

Masjid ukir-ukiran Jeparaan sac tenan, yo megah.

260 "Kados pundi akhire Raden Noer Sunan Sendang niku."

Panut Mbok Rondo Mantingan.

"Kula mboten sakniki nggih mboten, mboten sanggup nolak nggih mboten. Tegese keknapa kula njuk tempo. Kula lak wangsul mawon."

VII

BABAK KETUJUH

Dadi Sunan Sendang wang sul ten Drajet, sanjang kalian Raden

265 Khosim niku.

“Kak Sim.”

“Lho kok wis teka.”

Padahal kok sediluk wis teka, mlakune wali niku cepet sanajan nggak
numpak kendaraan. Cepet kliwat angin.

270 “Nggih Raden, tapi masjid niku nggak didol.”

“Lha ketepaan dhuike tak silihe kanggo mbangun masjid niki.”

“Kok sampeyan niku kok ketepaan wonten syarate.”

“Syarate piye.”

“Syarate mboten usah dibugah.”

275 “Lho koen piye.”

“Lha kula niku nelep masjid sae ukir-ukiran.”

“Lha nelep nah piye usahamu.”

“Lha anu mawon, nedu dunga sampeyan. Sampeyan dungani engkin
kula anu.”

280 “Eh, ngono tah. Iyo tak dungani.”

Didungani karo Raden Khosim Sunan Drajet. Raden Noer tenus muleh.

VIII**BABAK KEDELAPAN**

Kira-kira bengi jam 10.00 bengi nangeni santri-santrine ditangeni kabeh. Kaget kabeh santrine dungaren guru biasane nggak nangeni yamene kok nangeni.

- 285** “Ngene lha ndang cepet ndang tangi ndang golek banyu wudhu kabeh njupuk Qur'an.”

Nduk Al Qur'an dikonkon ngaji surat jin kabeh buka surat jin kabeh, durung ngantek mari ngaji iku koyo-koyo jin pada teka kabeh. Koyo dipanggil ngono, takon para jin takon.

- 290** “Wonten napa Raden kula sak konco jin kados kale sampeyan dipanggil.”

“Aku duwe keperluan arep njaluk bantuan sampeyan mboyong masjid Mbok Rondo Mantingan nang nggone Jawa Tengah. Apa siap, apa nggak!”

“Yo nek ngoten nggih siap, benjeng kapan?”

- 295** “Oh, nggak mbenjeng.”

IX

BABAK KESEMBILAN

Saiki wangsul dijak teng nggenc kono niku teng Jawa Tengah. Berangkat kale santri-santrine niku wau.

Sampun dugi teng mriko Mbok Rondo Mantingan nyanjangi.

“Mbok Rondo kula pun siap mboyong masjid sampeyan kula beto 300 teng Sendang.”

“Sakniki nggih, tapi atek sampeyan mboyong sampeyan bugah sitik wae mboten sido. Malah sampeyan tak sabda sampeyan bakal tak pidana.”

“Nggih Mbok Rondo pun disiapaken.”

Ngupeng kale santri be’ jin be’ niku wau Raden Noer Sunan Sendang pun 305 ngupeng teng mriku langsung diangkat disekscni Mbok Rondo Mantingan.

Nggawokno Mbok Rondo Mantingan bektu ngangkate cepet kados kilat.

“Ana wong sing iso mboyong masjid koyo ngono.”

Dadi sak kedipan nggak nyonggo nggak nyawang maneh pur kados mabur, nggih langsung sret diboyong masjid. Malah wong Paciran rada ngetanan 310 menggok mriko. Menggoke iku cemlorot ngoten kidule niku. Wong sing ningali ten mriku niku sampel wedi kepranjang namine sampel wedi ngeten. Mulane ten patilasan wong sing semaput wedi kepranjang niku wau diarani dusun Pananjan. Nak wonten tah dusun Pananjan sak wetane Paciran niku. Ningali lampahane masjid ten nggene diarani dusun Pananjan, rodo 315 ngidul pun meh nggenc Sendang pun dugi ten nggenc Sendang kan mboten

enak kabeh. Sinten niku sing jenengi sinten niku wong tuwo kroso nggak kapenak.

“Iki ana apa Raden Noer Sunan Sendang leh leren sik. Para santri leren kabeh, para jin leren.”

- 320 “Lha napa niki Guru Iha niki pun pun leren niki wis parek pun ketinggal kalian Sendang, wis kethok niku lho.”

“Lha yo wis parek leren, ana wong tuwo biasane nek apan nggak enak iku ana apa-apa. Coba deloan masjide.”

Santri-santrine dikonkon ndelok, didelok mumet wong pun parek.

- 325 “Kok sek-sek leren-leren mboten wonten napa-napa.”

“Wis tah kowe parek-parek.”

Mbesok rezane zaman lerene masjid iki jenengno Sumerek. Nggih niku wonten dusun Sumerek, sak kidule Sendang sampyan nek lewat ten mriku lewat dalane wonten dusun niku. Sing wetane dalan niku Sumerek. Ndelok

- 330 Sendang niku jenenge Gayam. Sumur Gayam niku ndelok sumuran ketoke sak desa tapi ceritane ngoton. Lerene ten Sumerek, wis tah ketoke wia parek ac. Eh mbesok iku nek rezane zaman iku diarani Sumerek.

“Wis toh goleki maneh.”

Digoleki maneh dumadaan ilang lawange, wonten coplok tepa’ mboten niku

- 335 wau Raden mboten dikunci.

“Kok lawange mboten wonten.”

“Lha saiki wong tuwo iku wis kroso. Mulane saiki golekno neng endi nggone lawang. Engkok nek apan konangan Mbok Rondo Mantingan nek nggak sida berarti mulah disabda.”

- 340 Mbok goleki semembar santri.** Ana ngalor, ana ngidul, ana ngulon digoleki ndadak mboten adoh ten pesisir lor nggih pun digawa wong. Nggih wong apik niku cicire lawang iku diarani Paciran, cicire lawang Paciran ten desa Paciran.

Desa Paciran niku cicire lawânge Raden Noer Sunan Sendang niku,
345 cicire ten mriku. Dijaluk karo santrine

“Kene iku lawange Sunan Sendang, kok iki masjide Sunan Sendang”

“Nggak oleh, kok aku nemu ndok kene.”

- Nggak oleh royokan, dadi ten mriku nganti tukaran. Jare diarani menciro menciro niko paciran menciro, tukaran rame teng mriko geger santrine kalah
350 gelut niku santrine kalah, kalah niku diumbar wae. Lawang niku dipikul wetan mlayu ngetan. Teng kali ngoten biyen wonten dasate. Jenenge nek dolan teng Paciran Wonten dasate sak kilene Paciran niku wonten dasate. Dereng dasat kolo biyen niku mawon jebur kali sak buru mawon ndok santri nggethak.

- 355 “Iku ngone Raden Noer Sunan Sendang atek kon colong, disabda dadi watu koyo kendil”**

Dikonokno ngono wedi sing ngowo lawang niku, wedi langsung digletakken ditinggal mlayu. Gletak lawang niku wau diarani dusun Nggetak. Gletake lawang gletake lawang sak niki pun rame dinggoni

360 kecamatan niku. Nggetak sak wetane Nggetak, sak kileni kali niku Paciran.

Cicire niku sak kilene kali niku diarani Paciran, sak wetane kali niku mergo inlayune dalam alirane kali niku Nggetak.

Sakniki sampun didiriaken puskesmas kesehatan, KUA, kecamatan, kantor polisi ten mriku ten Nggetake, ditunggu mawon ten mriko. Kok gak **365** bali-bali ngoten loh, nggletake lawange dianggak wis yakin ora wani bali karo santrine dijekek, dibeto, ditemaaken ten nggene sumerep niki wau. Lereni lawang niku wau lereni masjid niku wau. Raden Noer Sunan Sendang sampun semerep niki wau ditemoaken sampun ditemoaken lawang niku ditemoaken lawang plek.

370 Dereng ngantos shubuh-shubuh jam 3 pun mantun temokaaken masjid Tiban. Dados Sunan Sendang niku pun mantun sedoyo kangge jama'ah shubuh wonge. Nek mboten lintu niku anu malem kamis malam jum'at, nggih kamis malam jum'at. Barang pun mantun langsung jama'ah sholat. Wong daerah niku kaget kabeh.*

375 "Wingi kula ra ana masjid iki, ana masjid tiban tiban"

Dadi wong daerah kono ngarani masjid Tiban. Teng mriko ora ngerti prosese ngoten niku wau lajeng roh-roh isok dadi diarani masjid Tiban. Wong daerah kono mergo ora ngerti asal usule. Mula Sunan Sendang yo nggawokno wong daerah kono, nek iki Sunan Sendang iku oleh masjid

380 Tiban, tiban teka endi. Dadi jare wong kono ora ngerti prosese mulai icir tebu. Ngantos ngoten niku wau kalec wong kono ngarani masjid Tiban,

ngantos sakmangke nggih ngoten. Jare wong pundi-pundi pak masjid Tiban
niku nak uggone takone teng nggene Sendang.

X

BABAK KESEPULUH

Benjeng sanjang kalian Raden Khosim Sunan Drajet mlayu neng
385 Drajet kondo piyambake nek apane mantun damel masjid teng nggene
Sendang

“Wis mari tah Noer?”

“Mantun punan Kak Sim”

“Temen ta koen iku?”

390 Koyo-koyo ora ngandel.

“Raden Noer pancene temen tali, ayo tak ndelok rono”

Didelok karo Raden Khosim Sunan Drajet.

“Lho wis apik, temen apik temen Noer bejo kowe bejo bener Noer.

Aku soro-soro piye aku sakjanc masjidku wengino wis mari, cumiae cagake

395 kurang siji” Sunan Drajet ngono.

“Saiki ewangono Noer aku, Noer santrimu tekonono neng endi sing
duwe kayu cukup kanggo cagake masjid Sunan Drajet iku nek oleh iku yo
tak jaluk nek nggak oleh yo tak tuku”

Niku prosese masjid Tiban pun mantun nggih.

° XI

BABAK KESEBELAS

400 Sak iki kan kerjasama kale Sunan Drajat ngrewangi., tapi Raden Noer Sunan Sendang ngeten.

“Wong iki wayahé santri muléh toh, nek jum’at biasane bocah-bocah
podo muléh. Wangsule biasane sabtu ngene”

“Kak Sim, sesok tak kandanane bocah-bocah nak engkok ben muléh
405 kabeh. Besok sabtu mesti bali”

Barang sabtu wangsl ditakoni santri-santrine. Ana santri sing teko kidulan
mriki, kanda duwe kayu.

“Kowe santri teko ngendi?”

“Aku santri teka Bangeran. Kula saking Bangeran pak guru”

410 “Duwe kayu tenan?”

“Nggada ageng kira-kira cukup kange masjid”

“Cekap wis kandakno, mulcho saiki langsung kowe bali wae. Muléh
kondokno wong tuwomu kayune dijaluk lak oléh, dene nggak oléh yo
dituku. Mature m~~tek~~ wong tuwo”

415 Langsung bocah niku wangsl muléh ten Bangeran, takok wong tuwane.
Wong tuwane sadar ra usah dituku wang kanggo guru.

“Tak wakafno ae kayu iki, ndang balio nang pondokanmu nang
pondokanmu neng Sendang mrono.”

Balek bocah niku matur teng nggene gurune angsal, nanging mboten
420 sah ditumbas cukup diwakafaken mawon.

Raden Noer Sunan Sendang yo matur nuwun.

“Benjeng kapan Guru dipotong?”

“Tak takokno sik tak takok nek nang nggone Drajat, kapan?”

Langsung ditangletaken ten mriko, bar ape dipotong.

425 “Engkok sore ae ayo dipotong, engkok dalu engkok bengi dipotong yo
 Raden Noer Sunan Sendang.”

Yo Raden Khosim ten nggene Drajat suwengi mboten ngantos suwengi ten
 mriko niku, roboh lha kayuipun robohe kayu sak sak dedek sakpenggawe,
 sak dedek sak penggawe. Jare Raden Noer Sunan Sendang.

430 “Wis saiki ngene nggih Raden Khosim leren tah, saiki wis shubuh
 santri kabeli leren, ayo saiki sholat shubuh.”

Jare santri

“Ten mriki mboten wonten tuyo, mboten wonten tuyo ten mriki.”

“Yo, ayo nang deso neng Bangeran rono.”

435 Arep njaluk banyu nang desa Bangeran, nangeni wong turu-turu. De'
 Bangeran ditangeni wong Bangeran nggak tangi-tangi. Raden Noer Sunan
 Sendang nangeni nggak tangi, be' Raden Khosim sing nangeni yo gak tangi,
 kerepotan.

“Dos pundi akhire Raden Khosim.”

440 Raden Noer

“Wis mbano tahi, aja ditangeni raiso ditangeni dijaluki banyu saitik ae digawe sholat gak tangi-tangi. Mbarno se’ tetep turu nggak pantes iku diarani desa Bangeran, sing pantes dijenengno desa Tetep Turu Teburu.”

Sampeyan ro desa Teburu, dereng sumerep desa Teburu, desa Teburu.

- 445** “Wis mbarno besok nek apan rezane zaman ora pantes diarani desa Bangeran, dijenengno desa Tetep Turu Teburu.”

Sakmangke nggih Teburu nggih daerah neng mriki kecamatan Solokura mriki desa Teburu. Teburu sakniki kecamatan Solokura nderek kecamatan Solokura.

- 450** “Wis ayo ngaleh ngulon, iku lho kae ana wong rambu gemragangan keram.”

Wong rambu niku mungkin nek nggak salah niku lho rambu niku kempit cara biyen. Wong rambu de’ tegalan syukur-syukur tegalan, yo sawah. Koyo jaga de’ tegalan niku jenenge rambu.

- 455** “Ayo ndelok wong rambu kae, melik-melik niku koyo ana wong rambu. Ayo ndelok rono menawa wonge duwe banyu.”

Ndadak ten mriku santri kabeh pada berangkat ten mriko. Ping kepyak mboten wonten sepatu biyen sandal, mboten sandal ngeten niki gapyak, gapyakan ten kepyak-kepyak ngoten niko. Nah tiang sing rambu ten niku

- 460** wau kaget, dereng tahu weruh Jane wong alasan cara kono wong alasan dadi yo kaget.

“Iku sapa kok ana wong akehé ngene.”

Langsung durung nganti ditangeni dingakno lawange.

“Sampeyan sinten.”

- 465 **“Aku iki Raden Noer Sunan Sendang ambek Raden Khosim Sunan Drajat.”**

Kaget wong ditakoni wong gedhe toh.

- 470 **“Sing bener sampeyan niki Sunan Sunan panggenan nyuwun toh, njaluk Sunan pasuwunan. Kula pun kepireng sampeyan niku Sunan Sunan sampeyan nggih niki kula sumerep sampcyan, nggih ngapunten. Enten damel apa?”**

“Aku njaluk banyu kanggo sholat shubuh, njaluk beneran sak konco iki.”

- 475 **“Nggih ngapunten Sunan kula niki mboten nggada tuyo, kula niki rondo.”**

Gandengane rondo niki wau niki wali.

“Aku iki ra takok rondo, aku iki takok banyu. Sunan Sendang nggih, aku iki ra takok rondo takok banyu.”

- 480 **“Nggih ngapunten, biasane kan tiyang gadha tuyo, nek ana tuyo. Kula niki ten griyo piyambak genthong-genthong kotong.”**

“Nggak/nggak akeh cukup sak kendi wae, sak kendi wae gowoen mrene. Engkok tak gawene gantenan.”

“Nek sak kendi wonten dipadosaken.”

- 485 **Pun dipadosaken teng mriku, langsung piyambake dipundhutaken sak kendi ngeten. Ancene lhak sek gophe lha wong desa kale ditekani wali**

pisan gugup kabeh. Wong tiang ageng pisan kadosane mriki. Ditekani bupati ae pun rame, banyu niku imboten nganti ten Raden Noer Sunan Sendang durung nganti wis ditatapno cagak.

“Pyar !”

490 Wis godek-godek.

“Saking gopohe.”

Jare Raden Noer Sunan Sendang.

“Wis ngene, ditamoni arang-arang. Wis pantes imbesok dacrah ngene iki jenengno Dandapan. Wong ditamoni ae gedandapan nggak karu-karuan 495 jarene.”

Iki arane desa Dandapan ngantos sakmangke wonten desa Dandapan, kecamatan Solokura.

“Wis diarani imboesok rezane zaman jenengno Dandapan.”

Mergo niku ana desa Dandapan ora adoli teka desa Teburu. Dadi ketingal 500 meh jejer nggih sebelahan ngeten, ketingal ten mriku dikandani kale Sunan Sendang Raden Noer.

“Wis nggak usah-nggak usah⁶ koen jikikno banyu. Wis sodohno wae wis ngendhi panggonane banyu. Kok bocah-bocah iki santri tak konkonc inek dewe nek sumur.”

505 Disuduhi nek sumure piyambak trus sholat ten mriku, malah nok langgar ngantos sakmangke wonten langgar, sakmangke langgaripun derek desa Dandapan kanggo sholate Raden Noere Sunan Sendang be' Raden Khosim Sunan Drajat ten mriku, mantun ngoten pun mari sholat mantun

ten nggene pundi niko, sing kayu diroboh niko wau langsung kayu niku
510 dipacaki dikempleng pisan ten mriko, dibentuk cagak diukir pisan kale Raden Noer Sunan Sendang be' Raden Khosim Sunan Drajat langsung dibeto ten Drajat ditemaaken didandani ten mriki langsung tanggung jawab dakwahe Sunan Drajat niku lemes. Wene ana mangan wong kang luweh, wene ana payung wong kang kaudanan,,wene ana sandangan wong
515 kang udoh, kan ngoten dadi cara gampange ngoten Sunan Drajat niku usah.

Bareng ten daerah mriki Raden Noer Sunan Sendang dadi engkok lhak ten dhuwur Raden Khosim sing derajate tambah dhuwur, wong-wong pada mulyano mula kok perkara wali nek ngarani Sunan Drajat niku lhak marga
520 derajate. Sunan Drajat teka derajate sampeyan akeh perkara ngono ndeloke dhukur aja ngisor marga diarani Sunan Drajat kan astine sampeyan pun ngerti.

Kok diarani Sunan Drajat, piyambake iku kederajatene pun diukur, nek trus dibandingno Raden Khosim Sunan Drajat kale Raden Noer Sunan
525 Sendang.

•

XII

BABAK KEDUABELAS

Malahan para wali biyen niku tiap tahun niku ngadakno arisan kumpulan tiap tahun niku kumpulan. Sunan Sendang yo diundang, tepa'an mboten katekanan ten Sendang tapi nekani ten Gresik be' Raden Khosim Sunan Drajat arisan ten nggêne Gresik mriko wong enten-entenan, 530 dienteni karo kale Raden Noer Sunan Sendang sing Raden Khosim iku kok suwi mlaku dienteni nak sak kidule Sendang munggah ngeten ten dhuwur ana lewati Sendang niku munggahan ten dhuwur nggêne Sendang munggah ngeten ten mriko. Ngenteni suwi suwi-suwi teka Raden Khosim be' bojone Sunan Drajat. Lha Sunan Sendang niku lha kan wong Sendang 535 biasa ahli emas lha wong Sendang Kemasan singkatan wong Sendang Lho bojone Sunan Sendang niku mas-masane kemroncong nganggo gelang, nganggo kalung, nganggo binggel, nganggo napa niku wis anting-anting karo Sunan Sendang. Lha Sunan Drajat niku bojone mboten 540 ngangge mas-masan, bareng pun ningali bojone Sunan Sendang bojone Sunan Drajat niku mogok, nesu, iri. Lho wong wedok niku lhak iri.

“Aku angkate ana kumpulan nggak nganggo sandangan lhak sungkan. Wis nggak atek aris-arisanan aku lhak mulch nang Drajat.”

Sing Raden Khosim niku,

545 “Ojo ngono toh, kowe kok mbus cekak nesu ngono toh. Koen kepingin emas toh.”

“Inggih toh, mosok wong niku bojone Raden Noer Sunan Sendang ngono kempronconge. Kok aku nggak lhak ngisin-ngisini ndok kono, wis tah aku lhak balek nang Drajat.”

550 “Ojok ngono kok njegot.”

Jare wong kene njegot.

“Wis kene tak gekno emas.”

Terus Raden Khosim nggetek napa niku oyot-oyotan diplungkerno dadi kalung.

555 “Iki lho emas lha mbok koen enggo.”

Diplungkerno mane oyot male nggih dados gelang.

“Iki lho kok enggo.”

Lha banc wali, pancene Sunan Bonang kae napa aren ac dados emas. Lha mundhut ngoten napa niku kayu diketok iku lho dadi sunduk. Olehe 560 nggawekno emas niku lho iki mas, iki lho mas ngantos sakniki diarani Kimas. Desa Kimas ten mriko kangge damel mas. Kimas merga iki lho emas nggawekno mas bojone niki wau nganti sakniki mau dieeling-eling wong diarani Kimas, malah sakniki ketemu maleh neimbeh mawon nek imboten salah tanggal 13 wingi niku kepetok kancane Raden Rochmat 565 Surabaya sing teka Turki. Sing jenenge Abdul Mansyur Al Hujat ten nggine Sunan Pamekasan wong teka Turki, kancane termasuk kancane Raden Noer. Kula ningali niku sampat wawancara kambek wong tirakat, padahal niku oro-orono nggak ana apa-apane. Lho kok kepetok ningali rangkane, sakniki pun di pagar. Pun inantun-mantun sedanten ten maringi

- 570 mas-masan ten mriki, wis pada, wis nggak mogokan manch, wis nggak njegot manch.

“Wis ta berangkat, wis wis pada wis pada nggawa anu, wis pada nggawa kalung, wis pada ba wis nggawekno mas-masan, wis Kak pada berangkat ten mriko.”

XIII

BABAK KETIGABELAS

575 Arisan kumpule para wali sanga nggawokaken bojo-bojone para wali pada tempolongan mosok nggawe kalung kok sakmono gedene, mosok kok sak kluweh ngoten. Dirasani bojone para wali-wali kabeh, dirasani konco-koncone kale bojone para wali. Dadi Sunan Giri yo nyawang.

“Ana wong kok ngono yo, lagake koyo ngono.”

580 Soale sing duwe gawe Sunan Giri. Sambutan para wali niku musyawarahi pun mari, akhire sing terakhir dikandani ngerti Sunan Giri niku nek kabeh bojone para wali niku nyawang napa iku mas-masane bojone Sunan Sendang be' Sunan Drajat.

Iku nggak oleh cara agama niku nggak kenek kanggo pakaian sing
585 mendar-mendar apa maneh arisan niki, koyo arisan PKK wae nggak gawe sing leluwehan. Akhir pada njaluk sepuroh Sunan Sendang be' Sunan Drajat, akhire kembali nang Drajat karo nang Sendang.

3.3. Catatan Transkripsi

Di bawah ini dimuat sejumlah kata yang terdapat di dalam teks cerita *Sendangdhuwur*. Kolom sebelah kiri adalah tempat kata-kata itu dicatat, dan kolom sebelah kanan merupakan tempat penjelasan, pembetulan dan lain-lain. Kata-kata yang dimuat di kolom sebelah kiri ialah kata-kata yang dipilih berdasarkan anggapan bahwa kata-kata tersebut merupakan kata-kata yang perlu diketahui oleh pembaca.

Catatan ini dibagi menjadi dua bagian. Catatan satu memuat kata-kata yang berupa “salah ucap” (su), “salah menggunakan kata” (smk), “penyingkatan kata” (pk), “salah cjaan”(sc), dan “dialek” (d). Catatan kedua memuat sejumlah kata sulit, istilah yang dipakai di desa, dan lain-lain.

Dalam cerita *Sendangdhuwur*, setiap kata mempunyai frekuensi pemunculan yang berbeda-beda. Ada sebuah kata yang hanya diucapkan satu kali, tetapi ada juga sebuah kata yang diucapkan berulang-ulang. Kata yang digunakan lebih dari satu kali, dalam catatan transkripsi dicatat satu kali.

Catatan I :
 ae (d) (b1:12) : was
 ambelek (su) (b11:A65) : kafiam
 ampuan (pk) (b6:255) : saungan
 balek (d) (b12:S49) : bali
 biyien (d) (b3:159) : rumiyin
 dampang (d) (b5:225) : menyangs
 de'e (d) (b2:93) : dewake
 dikonkon (su) (b4:197) : dikenngken
 dhuik (d) (b3:166) : dhuil
 dijuk (pk) (b9:296) : dijuk
 do (d) (b3:173) : peda
 dos (d) (b1:57) : kados
 engko (d) (b4:210) : mengeko
 etlen (d) (b1:210) : wotlen
 (b1:210)

gak (d) (b9:364)	: igak
ja (pk) (b2:125)	: aja
juk (d) (b6:263)	: jaluk
kale (d) (b2:98)	: kalian
kangge (se) (b9:371)	: kanggo
ki (pk) (b1:90)	: iki
klinu (pk) (b4:211)	: kelinu
koen (d) (b11:502)	: kowe
kroso (d) (b9:316)	: keroso
kuathali (d) (b2:137)	: kathah
leh (d) (b1:10)	: olehe
lek (d) (b1:10)	: olche
mbano (d) (b11:441)	: mbarno
mbe² (d) (b11:465)	: kalium

mergi (se) (b2:127)	: amarga
mung (pk) (b3:169)	: namung
nang (d) (b2:143)	: menyang
ndok (d) (b12:548)	: menyang
nek (d) (b4:207)	: menawa
neng (d) (b9:337)	: dhateng
ngeten (d) (b2:97)	: mekaten
nggene (pk) (b5:228)	: panggenan
nggih (pk) (b1:64)	: inggih
nggone (pk) (b9:383)	: panggenan
niki (se) (b7:271)	: iki
niku (se) (b1:3)	: iku
njipi'i (su) (b1:52)	: njupui
nok (d) (b5:221)	: anu

panggonan (se) (b3:157)	: panggenan
piye (pk) (b1:43)	: kepriye
pun (pk) (b1:77)	: sampun
ra (pk) (b1:52)	: ora
sak (d) (b1:17)	: sa
saitik (d) (b11:441)	: satitik
sedaya (d) (b9:371)	: sadaya
sakmangke (d) (b2:118)	: semangke
sakniki (d) (b4:201)	: saniki
setunggal (d) (b1:17)	: satunggal
sik (d) (b11:423)	: dhisik
tak (se) (b4:210)	: dak
takok (d) (b5:221)	: taken
tau (d) (b3:154)	: tahu

- tekan (d)** : teka
(b2:143)
- teng (pk)** : **dhateng**
(b1:4)
- timbang (pk)** : **tinimbang**
(b1:71)
- tiyang (d)** : tiang
(b2:112)
- trus (pk)** : **terus**
(b1:43)
- wong (pk)** : **uwong**
(b1:61)
- yo (pk)** : **ayo**
(b3:169)

Catatan 2

Beji (b4:214)	: menghitung
Binggel (b12:537)	: gelang di kaki
Ditemauken (b1:28)	: ditata ulang sesuai dengan tempatnya
Gapyak (b11:458)	: sandal yang terbuat dari kayu
Gedhek (b6:257)	: dinding yang terbuat dari bambu
Gembrodok (b1:51)	: berjatuhan
Jublang (b1:80)	: sendang
Kendi (b11:481)	: tempat air yang terbuat dari tanah
Kendil (b1:22)	: tempat untuk menanak nasi yang terbuat dari tanah
Kreng (b6:249)	: tempat untuk mencari ikan yang berbentuk keranjang yang berlubang-lubang
Langgar (b2:155)	: mushola
Male (b1:28)	: lagi
Mengsem (b1:29)	: tersenyum

Ngiplah (b4:210)	: menghitung
Ngliwet (b1:22)	: menanak nasi
Nggetakaken (b9:358)	: meletakkan
Ngupeng (b9:305)	: memutari
Njegot (b12:550)	: marah
Parek (b9:320)	: dekat
Putik (b2:110)	: ujung
Rambu (b11:450)	: menjaga sawah atau tegal
Tiban (b9:375)	: kejatuhan
Turu (b11:446)	: tidur
Yuta (b4:210)	: juta

3.4. Terjemahan teks sastra lisan Sendangdhuwur

I

BABAK PERTAMA

Raden Khosim Sunan Drajat adalah teman seperjuangan dari Raden Noer. Raden Noer berasal dari Sedayu, sedangkan ayahnya berasal dari Bagdad ketika ke Sendang melewati Sedayu. Raden Khosim minta teman dalam menyebarkan agama di daerah Paciran kepada Raden Noer Sunan Sendang. Raden Noer Sunan Sendang adalah murid dari Raden Noer Rochmad Surabaya dan termasuk murid yang paling tua, sedangkan Raden Khosim adalah putra dari Raden Noer Rochmad.

Ketika akan menyebarkan agama yang pertama kali diperlukan adalah air, mereka lalu mencari sumber air di daerah Paciran. Raden Noer dan Raden Khosim kemudian berpuasa (tirakat) selama 41 hari, Raden Noer Sunan Sendang itu tidak berpuasa tetapi hanya tidak tidur sedangkan Raden Khosim itu berpuasa dan memarahi.

“Noer, mengapa kamu tidak berpuasa, karena saya lihat kamu makan saja.”

